

Pou Piblikasyon Imedya: 20/03/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE CHWA DEVLOPÈ POU ENSTALE PANO SOLÈ SOU
TWATI YO NAN SANT JAVITS**

***Siemens pral Fè Konsèp epi Konstwi Pwojè Enèji Renouvlab pou 1.4 MW sou
Twati Ekolojik Sant Konvansyon Jacob K. Javits lan***

***Pi Gwo Enstalasyon Solè Sou Twati nan Vil New York Ap Fè Vanse Kalandriye
Enèji Pwòp ak Travay Gouvènè a Ki Ap Mennen nan Nasyon an Ki Ap Mete New
York sou Wout Pou Ale nan Netralite Kabòn***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a chwa yon devlopè pou fè konsèp epi enstale jiska 1.4 megawat enèji solè ki renouvlab sou twati ekolojik Sant Javits ki sou Bò Lwès Manhattan. Pi gwo pwojè jenerasyon solè sou twati nan Vil New York jiska dat pral diminye chaj elektrik batiman an epi dirèkteman sipòte Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè a, yon kalandriye enèji pwòp ak travay ki ap mennen nan nasyon an pou gen 100 pousan elektrisite ki san kabòn nan New York apati 2040, epi monte pou 70 pousan elektrisite yo soti nan sous enèji renouvlab apati 2030. Siemens, ki se yon konpayi teknoloji ak founisè enfrastrikti ki gen prèske 4,000 anplwaye atravè Eta New York, te chwazi pa pwosesis anchè konpetitif Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) epi li pral kòmanse kounye a ak konsepsyon final yo epi pèmèt yo akonpli pwojè sou twati a.

“Eta New York ap mennen nan nasyon an nan fè vanse aksyon pwogresis yo pou yon sistèm enèjetik ki pi pwòp, pi ekolojik, ki ap favorize tou kwasans ekonomik”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Enstalasyon teknoloji solè sou twati sant konvansyon ki pi chaje a nan peyi Etazini ap etabli yon estanda endistri pou inisyativ yo atravè New York epi atravè nasyon an sou jan pou nou pi byen anbrase enèji renouvlab yo.”

“Pwojè enèji renouvlab konsiderab sa a pral ede redwi nesite elektrisite Sant Javits lan epi kontinye fè vanse objektif enèji pwòp drastik Eta a yo”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** “Nou ap mennen nan nasyon nan efò nou ap fè pou asire ke anviwònman nou an pwòp epi sekirize pou jenerasyon yo, pandan nou ap sipòte kwasans ekonomik toupatou atravè Eta New York.”

Pwojè a, ki dirije pa Otorite Enèji New York la, pral ede Eta New York sou wout li pou ale nan netralite kabòn nan tout ekonomi yo, epi fè vanse objektif enèji pwòp ak travay ki ap mennen nan nasyon an yo. Yo estime pwojè a pral konpanse pou plis pase 1.3 milyon liv degajman kabòn chak ane, sa ki ekivalan a si yo ta retire 262 machin sou wout yo.

Gil C. Quiniones, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral NYPA, te deklare, “Otorite Enèji New York la kontan pou li fè patenarya ak youn nan batiman ki selèb epi ki gen

anpil sikilasyon nan Vil New York pou pote Eta New York vin pi pre pou akonpli objektif enèji pwòp li genyen yo. Enstalasyon yon sistèm fotovòltayik solè a eskal komèsyal sou twati Sant Javits lan pral pote ekonomi konsiderab sou depans yo, epi benefisye anviwònman an pou ane ki gen pou vini yo”.

Nan non Sant Javits, ke Gouvènè a [te anonse](#) pou premye fwa nan mwa Dawout 2018, NYPA te lanse yon apèl pou devlopè yo pou soumèt pwopozisyon pou fè konsèp, konstwiksyon epi posede yon sistèm fotovòltayik solè a eskal komèsyal atravè yon akò pouvwa acha.

Siemens, ki te yon patnè ak Sant Javits lan depi konstwiksyon li an 1986, ki ap bay otomatizasyon batiman, sekirite pou dife ak teknoloji sekirite, pral posede, mentni, epi jere rezo solè a pandan NYPA ap achte enèji ki te pwodwi pa rezo solè a, epi an retou vann li bay Sant Javits lan atravè yon akò pouvwa acha konsekitif. Yo ka enkli tou estokaj batri nan pwojè sa a epi yo pral detèmine yo nan achèyman konsèp pwojè a. Yo prevwa ke konstwiksyon yo pral kòmanse nan kòmansman 2020.

Yo pral konstwi plis pase 4,000 pano solè sou inite HVAC yo sou [twati ekolojik](#) Sant Javits lan pou yo pa afekte rezo ki sou twati batiman an yo. Yo pral konstwi yon rezo solè adisyonèl onivo lari a nan 11th Avenue. Sant Javits ki gen 17 etaj la te antreprann divès pwojè majè pou atire efò dirabilite yo nan Vil New York, sa ki ap transfòme sant konvansyon ki pi chaje nan nasyon an pou vin tounen yon bijou ki sètivyè LEED Silver sou Rivyè Hudson.

Yo te konplete yon renovasyon global an 2014 nan Sant Javits lan ansanm ak yon twati ekolojik 2.7 ekta, youn pami sa ki pi gwo nan modèl li yo nan peyi a. Twati ekolojik lan, ki konplete ak kontè ak sansè pou kontwole epi konfigire tanperati yo atravè etablisman, te favorize operasyon ki pa konsome anpil enèji, ki gen ladan yon rediksyon 26 pousan nan konsomasyon enèji. Twati ekolojik lan, ki pral redwi tanperati anbyan yo alantou pano yo epi abouti a yon konsèp ki pi entegral epi efikas, te sèvi tou kòm yon sanktyè pou dife forè nan zòn nan, ki ap bay yon abita pou plis pase 26 espès zwazo, senk espès chovsouri ak plizyè milye myèl. Lokalite ak gwosè twati ki plat lan bay yon solisyon optimal pou mete pano solè yo.

Alan Steel, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Fonksyònman Sant Konvansyon New York lan (New York Convention Center Operating Corporation), ki ap jere Sant Javits lan, te deklare, “Twati ekolojik nou an te vin tounen yon modèl dirabilite pou batiman yo ki toupatou nan Empire State, epi nou fyè pou nou travay ansanm ak Otorite Enèji New York la pou elaji pi plis enpak nou sou anviwònman an. Pandan plis pase 30 an, Sant Javits lan te sèvi kòm yon motè ekonomik pou New York, men ak pwojè sa a, nou ka kontinye ranfòse repitasyon nou antan ke yon flanbo anviwònmantal, ki ap sèvi kòm yon enspirasyon pou lòt inisyativ yo atravè nasyon an”.

Dave Hopping, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Siemens Building Technologies - Americas, te deklare, “Antan ke yon konpayi ki te travay kòm yon patnè teknoloji pou enfrastruktir krizyal yo atravè Vil New York ak Eta New York pandan plizyè dekad, Siemens fyè pou li sipòte tranzisyon eta a pou ale nan resous renouvlab yo. Nou bat bravo pou Gouvènè Cuomo poutèt lidèchip li nan konstwi yon avni dirab epi

ki pi rezistan, epi nou espere elaji patenarya teknoloji nou ki gen plis pase 30 an ak Sant Javits pou devlope pi gwo enstalasyon solè sou twati nan Vil New York”.

Senatè Brad Hoylman te deklare, “Sant Javits lan se sant konvansyon ki pi chaje nan peyi Etazini — epi se kote pafè pou bay modèl yon tranzisyon rapid pou soti nan kabiran fosil yo ak pi gwo pwojè solè sou twati yo nan Vil New York. Chanjman klimatik yo p'ap rete tann nou, kidonk nou pa ka rete tann pou nou ka evite pi move enpak li yo. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo, Otorite Enèji New York la, Siemens, ak Sant Javits lan poutèt devouman yo nan enèji renouvlab yo, epi poutèt yo ap pote travay ekolojik pou abitan Manhattan yo”.

Senatè Kevin S. Parker te deklare, “Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, New York te pran bon jan mezi pwogresis pou dirije nasyon an pou ale nan yon ekonomi ekolojik. Ajou pano solè yo sou twati Sant Javits lan pral yon eleman ki chanje jwèt la pou New York. Mwen felisite Gouvènè Cuomo, NYPA ak Siemens poutèt angajman yo pran nan yon avni ekonomik dirab”.

Manm Asanble a Michael Cusick te deklare, “Travay Siemens ap planifye antreprann yo nan Sant Javits lan se yon egzant modèl konsèp iben inovatif ke New York bezwen pandan ke nou ap kontinye redwi anprent kabòn nou an, amelyore rezistans enèjetik, epi asire fyabilite. Mwen espere wè achèvmman travay sa a epi mwen espere ke li ap sèvi kòm yon direksyon pou efò fiti yo”.

Manm Asanble a Richard N. Gottfried te deklare, “Chwa yon konpayi ki te plase yon anchè pou fè konsèp epi enstale pano enèji solè yo nan Sant Javits lan, ki se sant konvansyon ki pi chaje nan nasyon an, montre ke New York enterese nan sa ki gen pou wè a fè pa annavan pwogresis pou ale nan yon anviwònman ki pi an sante pandan ke nou ap devlope travay apati enèji pwòp yo”.

NYPA ofri kouran bon mache bay ajans gouvènmantal yo, sistèm elektrik minisipal yo, kowoperativ elektrik riral yo, fabrikan yo, ak konpayi sèvis piblik ke investisè posede yo pou yo revann bay kliyan yo an detay toupatou atravè Eta New York. An plis, Otorite a ofri kliyan yo aksè a yon pakèt seri sèvis ki gen pami yo devlopman teknoloji enèji pwòp ak sa renouvlab yo, ak pwomosyon pwogramasyon efikasite enèjetik nan batiman ak etablisman yo toupatou atravè eta a.

Enfòmasyon sou NYPA

NYPA se pi gwo òganizasyon elektrik piblik eta a ki nan nasyon an, yo ap jere 16 etablisman ki ap jenere elektrisite ak plis pase 2,253 kilomèt sikwi liy transmisyon yo. Plis pase 70 pousan nan elektrisite NYPA pwodwi se enèji idwolik renouvlab ki pwòp. NYPA pa itilize lajan taks oswa kredi eta. Li finanse operasyon li yo apati lavant obligasyon ak revni li resevwa an gran pati atravè lavant elektrisite yo. Pou jwenn plis enfòmasyon vizite <https://protect2.fireeye.com/url?k=ae3a7e10-f202d972-ae388725-000babd9f75c-87e7ebad73393d54&u=http://www.nypa.gov/> epi swiv nou sou [Twitter](#) @NYPAenergy, [Facebook](#), [Instagram](#), [Tumblr](#) ak [LinkedIn](#).

Enfòmasyon sou Sant Javits

Selèb antan ke “Plas Mache Mond lan”, Sant Javits lan te elabore inisyalman pa I.M. Pei & Partners epi yo te ouvri pòt yo an 1986. Etablisman anblematik la te vin tounen

espas evènman prensipal nan Vil New York pou fè gwo konvansyon yo, ekspozisyon komèsyal ak evènman espesyal yo, epi li sèvi kòm syèj pou anpil nan 250 pi bon ekspozisyon komèsyal, ki ap resevwa plizyè milyon vizitè chak ane. Evènman sa yo jenere jiska 2 milya dola nan aktivite ekonomik epi li sipòte plis pase 18,000 pòs travay chak ane. Sitiye nan 11th Avenue ant West 34th Street ak West 40th Street nan Manhattan, Sant Javits lan gen 760,000 pye kare espas ekspozisyon fleksib, 102 sal reyinyon ak kat sal resepsyon, ansanm ak yon pakèt seri sèvis teknoloji li ofri, ki gen pami yo kapasite WiFi modèn yo. Pou ka jwenn plis enfòmasyon, vizite javitscenter.com oswa swiv nou sou [Facebook](https://www.facebook.com/javitscenter), [Twitter](https://twitter.com/javitscenter), [Instagram](https://www.instagram.com/javitscenter), [LinkedIn](https://www.linkedin.com/company/javitscenter) ak [YouTube](https://www.youtube.com/channel/UCqE8tYUW31YUW31YUW31YUW).

Enfòmasyon sou Siemens

[Siemens Corporation](https://www.siemens.com), ki se yon filyal Ameriken nan Siemens AG, se youn nan pi gwo pwodikte teknoloji ki pa konsome anpil enèji, ki ap ekonomize enèji yo. Pandan plis pase 160 an, Siemens USA gen teknoloji ki inovè epi envante pou sipòte endistri Amerikèn ki elaji nan manifakti, enèji, swen sante ak enfrastruktir. Nan ane fiskal 2018 lan, Siemens nan peyi Etazini te rapòte revni 23.7 milya dola, ki gen ladan 5.0 milya dola nan ekspòtasyon, epi anplwaye anviwon 50,000 moun toutpatou nan tout 50 eta yo ak Pòtoriko.

Nouvo Akò Ekolojik Eta New York la

Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè Andrew M. Cuomo a, ki se kalandriye enèji pwòp ak travay ki ap mennen nan nasyon an, pral agresivman mete Eta New York sou yon wout pou ale nan netralite kabòn sou tout ekonomi an. Inisyativ sa a pral ofri yon tranzisyon ekitab anvè enèji pwòp, sa ki ap estimile kwasans ekonomi ekolojik la, epi, mande pou New York itilize 100 pousan enèji pwòp ak san kabòn apati 2040, ki se youn nan objektif ki pi agresiv nan Etazini. Pilye nouvo manda yo fèk pwopoze sa a ap yon ogmantasyon konsiderab ki ap genyen nan kad inisyativ Estanda Enèji Pwòp (Clean Energy Standard) ki reyisi New York la pou rive 70 pousan kouran renouvlab apati 2030. Nan kad ogmantasyon enèji renouvlab san presedan sa a, New York te deja investi 2.9 milya dola nan 46 pwòje enèji renouvlab a gran echèl yo atravè eta a, pandan li ap ogmante objektif enèji pwòp yo yon fason konsiderab, tankou: kwadriple objektif enèji ewolyèn sou rivaj New York yo pou rive 9,000 megawat apati 2035 ki ap mennen nan nasyon an; double deplwaman enèji solè yo distribiye yo rive 6,000 megawat apati 2025; epi deplwaye 3,000 megawat estokaj enèji apati 2030. Pou sipòte travay anbisye sa a, NY Green Bank gen entansyon pou yo itilize ekspètiz li pou simonte eka finansyè yo pou ankouraje pi gwo enpak anviwònmanal pou chak dola piblik lè yo kolekte plis pase 1 milya dola nan fon pati tyè yo pou agrandi disponibilite finansman pou klima atravè New York ak rès Amerik Nò a.

Refòm Vizyon Enèji a (Reforming the Energy Vision, REV)

Nouvo Akò Ekolojik la ap ajoute sou estrateji Refòm Vizyon Enèji monimantal Gouvènè Andrew M. Cuomo genyen pou mennen nan chanjman klimatik yo epi devlope ekonomi New York la. REV ap konstwi yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi rezistan epi pi abòdab pou tout moun New York yo nan favorize investisman nan teknoloji enèji pwòp yo tankou enèji solè, ewolyèn ak efikaste enèjetik. Deja, REV te atire prèske 1,500 pousan kwasans nan mache enèji solè nan tout eta a, abòdabilite enèji ki amelyore pou 1.65 milyon kliyan ki gen revni fèb, epi favorize plis pase 150,000 pòs travay nan manifakti, enjenyeri, ak lòt sektè teknoloji pwòp yo atravè Eta New York.

Pou enfòmè pi plis sou Nouvo Akò Ekolojik la ak REV, vizite rev.ny.gov, swiv nou sou [Twitter](#), [Facebook](#), ak [LinkedIn](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)